

## **Bon Obligasyon Jeneral – Kesyon yo Mande Souvan**

### **Kisa yon Referandòm Bon ye e kisa apwobasyon votè sou Referandòm Bon an vle di teknikman?**

Konstitisyon Florid la ak lwa eta yo limite pouwva pou ajans gouvènman yo pran taks. Sepandan, Konstitisyon an bay yon ajans gouvènman pèmisyon – nan ka sa a, Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, ale jwenn votè yo dirèkteman avèk yon referandòm pou jwenn apwobasyon pou yon rezon espesifik. Yon fwa yo resevwa otorite a, ajans gouvènman an ka bay bon obligasyon jeneral. Nan ka sa a, yo pral prezante kesyon yo bay votè yo pandan eleksyon jeneral 6 novanm 2012 la.

Si votè yo apwouye Referandòm Bon an, sa ta otorize Komisyón Konsèy Lekòl la pou l vann jiska \$1.2 milya bon pou l peye bezwen renovasyon/ranplasman ak teknoloji ki nesesè anpil. Komisyón Konsèy la planife pou vann bon yo an seri pandan yon peryòd plis pase 9 ane. Bon yo reprezante obligasyon jeneral alontèm kote Distri a dakò pou l peye moun ki gen bon yo pandan yon peryòd 30 ane. Yo ap bay chak seri bon sèlman lè li nesesè. Votè yo dakò pou yo “ad valorem” (peye taks sou pwopriyete) pou finanse peman prensipal ak enterè anyèl sou bon yo.

### **Poukisa Sistèm Lekòl Miami-Dade County bezwen yon Referandòm Bon?**

Lekòl Leta Miami-Dade County bezwen yon Referandòm Bon pou adrese bezwen kritik etablisman yo, patikilyèman nan zafè teknoloji salklas, ensfrastrikti teknoloji ak sekirite, e ofri yon anviwònman aprantisaj ki diy e egal pou tout timoun Miami-Dade County. Prèske mwatye bilding lekòl Distri a gen plis pase 40 ane, e plis pase yon tyè gen omwen 50 ane. Pwoblèm nasyonal, tankou etablisman lekòl ansyen Miami-Dade yo, rive koz rediksyon nan finansman eta a e plis atansyon resan sou konfòmite avèk manda Konstitisyonèl sou Kantite Elèv nan Salklas yo ansanm ak rezoud kondisyon kritik salklas ki gen twòp elèv nan lekòl nou yo rive nan yon pwen kritik. Eta a pa ka ofri finansman kapital lekòl alontèm pou jenerasyon elèv aktyèl ak fiti Miami-Dade yo. Defi avèk finansman Eta a ki ap kontinye jiska prezan, se, pandan Lejislati a te chanje “millage” (pousantaj taks sou pwopriyete) kapital lokal pou fonksyònman lekòl yo, sa te lakoz yon rediksyon nan “millage” kapital lokal la a 25%, e li te ofri zewo finansman ki soti nan men eta a pou kapital pwojè pandan dènye dezan yo. Pakonsekan, Distri a bezwen Referandòm Bon sa a pou li ofri lekòl 21yèm Syèk pou yo edike elèv yo.

### **Èske chak lekòl nan Miami-Dade County ap benefisyé nan Referandòm Bon an?**

Wi, chak lekòl nan Miami-Dade County ap benefisyé nan Referandòm Bon an. Ou ka jwenn yon lis pwojè nan <http://bondsforschools.dadeschools.net>

### **Nou tandem gen kèk lekòl nan Miami-Dade County ki pa gen ase elèv. Èske se vre?**

Wi, kèk nan lekòl nou yo pa gen aske elèv, akoz chanjman nan popiplasyon an atravè tan yo. Pou ka adrese sa, Distri a revize anyèlman pwojeksyon anwòlman e li idantifye restriktirasyon pwogram oubyen ane eskolè, ansanm ak chanjman posib nan limit lekòl yo. Bi M-DCPS se pou li bay tout katye yo chwa pwogram edikasyon dewot kalite pou 21yèm Syèk la.

### **Kisa pasaj Referandòm Bon an pral fè e ki kote yo pral depanse lajan an?**

Pasaj Referandòm Bon an pral bay finansman nesesè pou renove oubyen ranplase etablisman yo, modènize teknoloji e amelyore pwoteksyon ak sekirite elèv, pou yo ka nan yon anviwònman Aprantisaj 21yèm Syèk pou tout elèv.



## Bon Obligasyon Jeneral – Kesyon yo Mande Souvan

### Konbyen vote bon an pral koute m kòm yon pwopriyetè kay?

Yo estime yon ogmantasyon pou pwopriyetè kay pou Pwogram novo oubyen “Kontinyasyon” Bon GO a ki ap \$5 pou premye ane a (2013) pou pwopriyetè kay avèk yon valè taksab \$100,000 pa fanmi.

Mèt pwopriyete ka gade estimasyon enpak taks endividyle yo nan sèvi ak “Estimated Tax Calculator” (Estimasyon Kalkil Taks) sou sit Entènèt la nan <http://bondsforschools.dadeschools.net>

### Kisa “valè taksab” vle di?

Valè taksab se baz kote yo ka takse kay ou a. Li se valè yo estime pwopriyete w la vo mwens egzanpsyon. Li rekòmande pou mèt pwopriyete a detèmine “valè taksab” li nan sit Entènèt “Property Appraiser” (Evalyatè Pwopriyete) a anvan nan <http://MiamiDadePropertyAppraiser.gov> oubyen revize dènye bòdwo taks li, anvan li sèvi ak “Estimated Tax Calculator” a.

### Kijan taks la pral parèt sou bòdwo taks mwen an?

Anba liy ki make “School Board Debt Service” (Sèvis Dèt Komisyón Konsèy) la. Sepandan pap gen distenksyon ant novo bon 2012 oubyen “Kontinyasyon” oubyen bon 1988 ki la deja “Anvan” yo. Yo estime ane taks 2013 la-total taks “School Board Debt Service” (Sèvis Dèt Komisyón Konsèy Lekòl) pou yon pwopriyetè kay avèk yon valè taksab \$100,000 pral \$28, oubyen \$5 plis pase sa li ye jodi a.

Nan lavni, peman mwayèn taks anyèl la pou yon pwopriyetè kay avèk yon valè taksab \$100,000 pral \$27 pou novo Pwogram Bon an, prèske menm kantite total taks yo ap preye nan premye ane 2013 la lè yo t ap repeye toude, referandòm ane 1988 ak 2012 yo.

### Kijan pasaj Referandòm Bon an ka benefisyé sitwayen ki pa gen timoun?

Bon obligasyon jeneral lekòl yo ofri yon pi gwo retou sou envestisman pase pri pou peye bon ki pral benefisyé tout kominote a, non sèlman elèv yo. Rechèch montre adilt ak moun aje pral benefisyé atravè yon ekonomi lokal ki pi solid, yon mendèv ki gen plis ladrès, e valè pwopriyete ki pi wo. A koutèm, mete lekòl yo ajou ap jenere travay dewot kalite (yo estime plis pase 18,000) e an retou sa pral ede biznis lokal e agrandi baz taks lokal nou an. Apre yo fini, amelyorasyon lekòl yo pral abouti dirèkteman a mèyè pèfòmans elèv yo lekòl—e pa konsekans, kominote yo ap pi valab. Pèfòmans akademik pi wo nan lekòl katye yo fè kominote yo pi atiran pou biznis ak novo rezidan; rechèch endike valè kay ogmante a \$1.50 pou chak \$1.00 yo depanse sou kapital lekòl yo. Ogmantasyon nan to gradyasyon lakoz plis travay alontèm, pi gwo salè, mwens krim, e mwens frè anprizònman ak sèvis sosyal pou chak takspeyè.

### Kisa apwobasyon Referandòm Bon an vle di pou Lekòl Leta Miami-Dade County yo?

Apwobasyon Referandòm Bon an ta vle di Lekòl Leta Miami-Dade County ka renove oubyen ranplase ansyen etablisman lekòl e ba yo yon nivo modènizasyon ki te ka amelyore aprantisaj elèv la nan kominote sa a e pi byen prepare tout sitwayen demen nou yo e ofri yon anbyans ekonomik ki pi pwospè e konpetitif pou konte sa a.



## **Bon Obligasyon Jeneral – Kesyon yo Mande Souvan**

### **Ki benefis ki genyen nan pran yon bon kounye a?**

An 1988, votè nan Miami-Dade County te apwouve yon Referandòm Bon GO pou \$980 milyon. Bon sa yo gen pou fini an 2017. Nan apwouve Referandòm Bon GO 6 novanm 2012 la, pandan yo fin peye bon 1988 yo, nouvo bon 2012 yo pral ranplase yo. Apre ogmantasyon \$5 premye ane 2013 la, pou yon pwopriyetè kay avèk yon valè taksab \$100,000 mwayèn peman anyèl yo pandan lavi nouvo Pwogram Bon an ap \$27. Se poutèt sa kounye a se bon moman pou "Kontinye Pwogram Bon GO" a paske pandan yo ap ranplase bon yo, ap gen yon tranzisyon san pwoblèm e peman taks anyèl total apre premye ogmantasyon ane a pral prèske nan menm nivo.

Ranvwaye Bon yo ap lakoz ogmantasyon siyifikatif sou frè takspeyè yo puiske frè konstriksyon desann nan pik yo e to enterè yo istorikman ba. Sa vle di, modènizasyon etablisman lekòl yo ak amelyorasyon nan teknoloji kounye a olyede pita pral pwodui yon pi gwo Retou sou Envestisman pou takspeyè yo. Anplis transfòme tout etablisman lekòl nou yo nan nivo 21yèm syèk la, Bon an ap sèvi tou kòm yon motè ekonomik pou kominote a. Li ap kreye plis pase 9,000 travay nan premye 3 ane yo e plis pase 18,000 travay dirab nan konstriksyon nan tan Bon an ap dire a.

### **Kisa nou ka antisipe si Referandòm Bon an echwe?**

Echèk Referandòm Bon an ap abouti nan kontinyasyon deteryorasyon etablisman lekòl yo. Eta a radikalman redui finansman pou bezwen mentnans alontèm distri lekòl yo. Yon pwogram amelyorasyon nesesè pou yo ka mentni kalite edikasyon nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Si Referandòm Bon an ta echwe, etablisman lekòl yo pral kontinye deteryore e eka aksè teknoloji 21yèm syèk pou elèv nou yo ap elaji atravè distri a. Li sanble yon kantite aksyon ijan ka nesesè, tankou fèmti ak konsolidasyon lekòl oubyen pwogram. Depi 2008, total taks yo kolekte anba kontwòl Komisyon Lekòl redui a \$195 milyon. Si Referandòm Bon an echwe, Komisyon Konsèy Lekòl la ka gen pou ogmante taks sou pwopriyete yo nan nivo ki pi wo lalwa pèmèt oubyen redui sistèm nan, konsa rezulta a se va fèmti pwogram ak lekòl ki jeneralman koute plis.

### **Èske komisyon konsèy lekòl la genyen kounye a anpil dèt alontèm ki gen rapò ak Referandòm Bon pase yo?**

Apatide fen ane fiskal 2012 la, te genyen \$161 milyon Bon GO, ki ap rive nan lè pou yo fin peye an 2017.


### **Èske Distri Lekòl la pa resevwa lajan lotri?**

Lekòl Leta Miami-Dade pa resevwa fon lotri pou ane fiskal aktyèl la e pou 3 dènye ane yo mwens pase \$1.33 milyon chak ane. Apwobasyon lotri votè yo te fèt akoz yon referandòm eta a, e konsa Distri Lekòl Miami-Dade pa gen kontwòl sou kòman yo distribye revni sa yo.

Referandòm Bon an ofri opòtinite pou rezidan Miami-Dade yo lokalman dirije 100% revni bon yo nan Lekòl Leta Miami-Dade County e nan ekonomi lokal la.

### **Kijan yo te idantifye bezwen konstriksyon ak renovasyon yo?**

Anpliwaye M-DCPS devlope yon plan konpreyansif senkan pou bezwen kapital konstriksyon nan yon fason regilye. Yo te sèvi ak plan an pou idantifye renovasyon yo planifye pou chak etablisman lekòl.



## Bon Obligasyon Jeneral – Kesyon yo Mande Souvan

### Èske gen lòt sous finansman pou pran swen bezwen konstriksyon ak renovasyon Lekòl Miami-Dade County yo?

Lòt sous finansman pa sifizan pou finanse bezwen kapital \$1.2 milya yo. Eta a pa ka bay finansman kapital alontèm adekwat pou jenerasyon elèv aktyèl ak fiti Miami-Dade yo. Eta a chanje lajan yo te bay pou bezwen kapital konstriksyon pou fon fonksyònman an, ki gen ladan detounen tout dola PECO yo pou Lekòl “Charter” e chanje pousantaj fon fonksyònman taks pwopriyete kay la jenere pou kouvri rediksyon eta yo.

Depatman Edikasyon Florid apwouve Rezolisyón 12-122 Komisyón Konsèy la te pase 1ye out 2012 la ki endike pwojè yo esansyèl pou Plan Amelyorasyon Lekòl Miami-Dade la e sous revni disponib yo pa sifizan ase pou finanse plan an san votè yo pa apwouve yon Referandòm Bon GO.

### Èske lòt Distri Lekòl Florid yo pase Referandòm Bon oubyen inisyativ parèy e poukisa yo te chwazi solisyon Bon Obligasyon Jeneral la?

Wi. Resamman Distri Lekòl Florid yo te sèvi ak kalite finansman adisyonèl votè yo apwouve ki otorize anba Iwa Florid k ap suiv yo:

Kalite Finansman Votè yo Apwouve	Kantite Konte	Otorite Legal
Yo te vote Pousantaj Taks sou Pwopriyete pou Fonksyònman	14 Konte	1011.71(9) and 1011.73(2)
Taks Adisyonèl sou Vant sou Pòsyon Enfrastrikti Gouvènman Lokal:	5 Konte	212.055(2)
Taks Adisyonèl sou Depans Kapital Lokal	15 Konte	212.055(6)

Nan revize opsyon yo, pousantaj taks sou pwopriyete pou fonksyònman votè yo apwouve pa ta ka ofri yon solisyon alontèm pou bezwen kapital Lekòl Miami-Dade yo e yo estime yon demi peni taks adisyonèl pou bezwen kapital konstriksyon lekòl ta koute rezidan plis pase 18 ane Miami-Dade yo \$74 pa an. Pakonsekan, Lekòl Leta Miami-Dade County, ap chèche apwobasyon votè yo pou yon solisyon Bon Obligasyon Jeneral yo estime k ap koute \$5 anyèlman pa fanmi avèk yon valè taksab \$100,000. Atravè peyi a Bon Obligasyon Jeneral se kalite finansman alontèm pou bezwen kapital pou sistèm lekòl ki pi komen avèk plis pase \$238 milya bon yo vote atravè dènye 10 ane yo.

### Si m nan Iwaye, èske m peye taks sa a?

Non, pa dirèkteman, paske se mèt pwopriyete a ki peye taks la. Sepandan, mèt pwopriyete a kalkile peman tout taks yo, ansanm avèk lòt depans nan detèmine konbyen l ap chaje w pou Iwaye.

### Èske y ap bay tout \$1.2 milya bon yo yon sèl kou?

Non. Yo detèmine y ap distribye bon yo pandan 9 ane, \$200 million chak ane pou premye 3 ane yo, kòmanse an 2013, epi \$200 milyon chak dezan an, 2017, 2019, ak 2021.



## **Bon Obligasyon Jeneral – Kesyon yo Mande Souvan**

### **Poukisa nou bezwen yon Referandòm Bon olyede bati ak renove lekòl e peye lè sa a?**

Premyèman, pa gen ase lajan nan bidjè kapital aktyèl la pou adrese bezwen ki egziste deja nan Miami-Dade County. Sistèm lekòl leta a pa ka jis ale labank tankou yon pwopriyetè kay e prete lajan pou modènize ak renove yon lekòl. Avèk yon Distribisyon Bon e yon peryòd 30 ane pou retounen lajan an, jenerasyon fiti elèv yo ak paran yo pral pataje responsablitè peye pou etablisman yo pral sèvi yo.

Yon Referandòm Bon reprezante metòd ki pi efikas e rezonab pou otorize lajan pou renovasyon ak modènizasyon lekòl ki egziste deja pou ofri tout elèv yon anviwònman aprantisaj 21yèm Syèk.

### **Sistèm Lekòl Miami-Dade County ap planife youn nan pi gran pwogram konstriksyon ak renovasyon lekòl nan eta a. Kijan nou asire travay la ka fèt nan yon tan rezonab e sovgade envestisman takspeyè yo?**

Pou ofri transparans e pou takspeyè Miami-Dade County gen konfyans, nou ap sèvi ak revni yo pwopoze pou Pwogram Bon Obligasyon Jeneral yo avèk entèlijans, nou ap remèt pwojè yo alè, yo ap distribye yo avèk egalite, e envestisman yo pral sipòte ekonomi lokal la, nou ap kreye yon Panèl Konseye sou Bon Lekòl 21yèm Syèk pou rezon sa a. Panèl la ap gen ladan reprezantan divès òganizasyon kominotè ki soti nan diferan zòn nan kominote a pou asire reprezantasyon egal tout moun ki konsène. Panèl konseye sa a pral gen chaj pou revize e sipèvize pwogram nan. Yo pral prezante yon rapò pwogrè anyèl nan yon reyinyon Komisyon Konsèy Lekòl yo anonse publikman.

### **Èske Referandòm Bon an peye pou nouvo biling administrasyon yo?**

Non. Tout pwojè yo soumèt Eta a pou apwobasyon se pou lekòl. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwojè yo apwouve yo nan <http://bondsforschools.dadeschools.net>

### **Ki lè pwojè amelyorasyon kapital yo ap kòmanse e fini?**

Pwojè amelyorasyon kapital yo ap kòmanse an 2013 lè yo bay premye seri bon yo; e yo ap fini an 2021 lè yo bay dènye seri yo.

### **Konbyen tan bon yo ap an vigè oubyen ki lè yo ap fin peye yo?**

Nòmalman, yo ap fin peye bon an pandan 30 ane. Nan Sesyon lejislatif 2012 li a, lejislati Florid la te apwouve ekstansyon peryòd bon distri lekòl Florid yo de 20 ane a 30 ane. Li mete peryòd bon obligasyon jeneral distri lekòl Florid yo an liy avèk piò lót òganizasyon egzanpsyon taks atravè peyi a e nan Florid.

### **Si mwen enterese pou jwenn plis enfòmasyon sou Referandòm Bon an, ki kote mwen ka chèche plis enfòmasyon?**

Yo kreye yon sit, <http://bondsforschools.dadeschools.net> pou bay plis aksè sou enfòmasyon konsènan Referandòm Bon an.

